

## **Tradisi Larung Sesaji Ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto (Tintingan Budaya)**

**Khuriatul Fiqri Army Diyanti**

S-1 Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[khuriatuldiyanti@mhs.unesa.ac.id](mailto:khuriatuldiyanti@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. Sukarman, M.Si.**

Dhosen Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa), Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

### **Abstrak**

Panliten iki nduweni ancas kanggo mangerteni cara lan tata laku TLS ing Mojokerto lan kanggo nguri-uri kabudayan kasebut. Underane panliten iki ana papat, yaiku (1) Kepriye tata lakune TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto? (2) Apa wae jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto? (3) Kepriye nilai budaya kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto?, lan (4) Kepriye owah-owahan budaya sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan ing Kabupaten Mojokerto? Selaras klawan underan panliten ancas panliten yaiku (1) Ngandharake tata lakune TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto. (2) Ngandharake jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto. (3) Ngandharake nilai budaya kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto. (4) Ngandharake owah-owahan budaya sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan ing Kabupaten Mojokerto.

Metodhe kang digunakake kanggo panliten iki yaiku metodhe dheskriptif kualitatif. Sumber dhatane yaiku Tradhisi Larung Saji ing Mojokerto. Kanggo ngumpulake dhata kasebut ngangge teknik nyathet lan dokumentasi, arupa foto lan video.

Asile panliten yaiku (1) ngandharake ngenani tata lakune TLS (2) ngandharake jinis ubarampe TLS (3) ngandharake nilai budaya ing TLS, lan (4) ngandharake owah-owahan budaya sajrone TLS.

Tembung-tembung wigati : Dheskriptif kuantitatif, Tradhisi Larung Sesaji

### **PURWAKA**

Andharan bab purwaka mujudake trap-trapan kang wigati, mula ora bakal bisa kalaksanan lan dirasa kurang narik kawigaten yen ora ana purwakane. Bab purwaka sajroning panliten iki ngemot ngenani perangan-perangan kayata, (1) landhesane panliten, (2) underane panliten, (3) ancane panliten, (4) paedah panliten, (5) wewatesan panliten, (6) wewatesan tetembungan sajrone panliten, kanthi andharan jangkepe kaya mangkene.

#### **1.1 Landhesane Panliten**

Kabudayan minangka warisan saka para leluhur ing jaman biyen lan kudu diuriuri karo generasi peneruse ing jaman saiki. Kabudayan uga ngandhut aturan, norma utawa nilai-nilai kabudayan kang apik, saengga bisa kanggo tuladha ing urip bebrayan tumrap masyarakat. Konsepe kabudayan yaiku minangka sakabehe pamikiran utawa saka rasa, karsane manungsa, cipta karsane manungsa kang becik kanthi sarana lan uga niat ngupaya pamikiran kanggo luwih apik maneh (Koentjaraningrat, 1987:15).

Salah sawijine kabudayan iki kang bisa narik kawigaten kanggo dionceki luwih jangkep lan luwih rinci maneh yaiku kabudayan lokal kang ana ing Kali Marmoyo yaiku Tradhisi Larung Sesaji. Tradhisi Larung Sesaji uga bisa dicekak dadi TLS. Bab-bab kang narik kawigaten masyarakat sajroning TLS ing Kali Marmoyo, yaiku: 1) TLS dianakake setaun pisan yaiku ing sasi Suro

utawa sakdurunge padhang Bulan, 2) tradhisi kang dianakake kanthi cara gedhendedhen lan masyarakatate wiwit mudha nganti tuwa katon gotong royong lan nyengkuyung anane TLS wiwit jaman biyen nganti saiki, 3) papan panggonan tradhisi kasebut yaiku ing Kali Marmoyo.

Saka panliten iki ngenani TLS sangertine durung tau ana sing nliti lan durung ana sing weruh, mula saka kuwi panliten iki ditindakake kanthi irah-irahan "Tradhisi Larung Sesaji ing Kali Marmoyo". Bab kang bakal ditintangi sajroe panliten iki kalebu babagan tata lakune TLS, jinis ubarampe lan piguna, nilai budaya kang kinandhut sajrone TLS, uga owah-owahan budaya sajrone TLS. Panliten iki mujudake deskripsi budaya kang ngandharake nilai-nilai sawijining budaya Jawa kanthi tujuwan kanggo nguri-uri uga ngrembakake kabudayan Jawa supaya tansah kajaga lan bisa dilestarikake kanthi jaman samangke.

#### **1.2 Underane Panliten**

Lelandhesan panliten wis diandharake ing dhuwur, underane panliten iki bakal ngrembug ngenani TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto ing ngisor iki:

(1) Kepriye tata lakune TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto?

- (2) Apa wae jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto?
- (3) Kepriye nilai budaya kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto?
- (4) Kepriye owah-owahan budaya sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan ing Kabupaten Mojokerto?

### 1.3 Ancase Panliten

Adhedhasar lelandhesan panliten lan underane panliten iku bisa katitik saka ancasa panliten iki, yaiku kanggo ngandharake tata lakune TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto, jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto, lan bisa ngandharake owah-owahan budaya sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan ing Kabupaten Mojokerto.

### 1.4 Paedah Panliten

Paedah panliten yaiku piguna kang ditemokake sawise maca panliten iki yaiku bisa dadi referensi tumrap para panliti kabudayan Jawa. Saliyane iku, uga minangka nduweni daya tarik kang wigati bab kanggo panliten lan bisa kanggo pasinaon tumrap para pamaos. Panliten iki nduweni paedah mligine tumrap wong kang nлити dhewe lan tumrap masyarakat Jawa.

### 1.5 Wewatesane Panliten

Wewatesan prakara iki yaiku ngrembug babagan ngenani mula bukane tradisi, makna saka tata lakune, ubarampe apa wae kang dibutuhke lan nduweni makna apa wae, paedah saka anane wewatesan panliten iki supaya ora uwal lan kepriye cara masyarakat nglestarekake TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto. Aspek jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto. Ngrembug babagan tata lakune, nilai budaya lan owah-owahan budaya TLS ing Kali Marmoyo ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto.

## TINTINGAN KAPUSTAKAN

Ana ing tingingan kapustakan iki diandharake ngenani babagan konsep-konsep kang gegayutan karo punjering panliten. Sawijine panliten ora bisa kalaksanan tanpa anane tingingan kapustakan kang trep. Awit saka iku, ing bab iki diandharake ngenani tingingan kapustakan kang kaperang dadi 3, yaiku panliten saempar, konsep panliten, lan landhesan teori. Andharane kang luwih jangkup ana ing ngisor iki.

## 2.1 Panliten Sadurunge kang Saemper

Panliten saemper yaiku panliten sadurunge sing saemper utawa mirip kang bisa didadekake referensi, amarga bisa menahi pamawas marang panliti ngenani bab kang bakal diteliti. Panliten saemper kang ngrembug babagan ngenani tradhisi larung sesaji iki wis ana lan akeh jinise kayata panliten ing ngisor iki:

- 1) Candra Wicaksana (2016) ngenani “Larung Sesaji” ing Desa Tanjungan Kecamatan Kemlagi Kabupaten Mojokerto. Asile saka panliten iki ngandharake sejarah mula bukane Tradhisi Larung Sesaji ing Desa Tanjungan Kecamatan Kemlagi Kabupaten Mojokerto sing wiwitane saka wujud syukur marang Gusti lan sowan dhateng leluhur tanjungan, amarga wis piningan kanugrahan lan kemakmuran sing arupa hasil bumi, ngandharake tatarakite Tradhisi Larung Sesaji, ngandharake makna ubarampe lan owah-owahan budaya ing upacara Tradhisi Larung Sesaji ing Desa Tanjungan Kecamatan Kemlagi Kabupaten Mojokerto.
- 2) Tradhisi Ruwat Dhusun ing Candhi Belahan Kabupaten Pasuruan. Diteliti dening Dalili Zata Dini (2013). Panliten iki ngrembug babagan ngenani mula bukane TRD, tata lakune TRD, jinis ubarampe lan makna uga kang kinandhut sajrone TRD, piguna lan nilai budaya sajrone TRD ing Candhi Belahan.
- 3) Erna Anggraini (2014) ngenani “Tradhisi Larung Sesaji” Desa Serang Kecamatan Panggungrejo Kabupaten Blitar. Panliten iki ngrembug babagan ngenani kahanan masyarakat, tatarane nindakake upacara, banjur fungsi lan ubarampe, nilai budaya lan owah-owahan budaya ngenani tradhisi larung sesaji ing Blitar.
- 4) Tradhisi Sinongkelan Ing Desa Prambon Kecamatan Tugu Kabupaten Trenggalek (Tingingan Budaya) kang diteliti dening Rama Ditya Pranandha Yudha (2017). Asile saka panliten ngandharake mula bukane Tradisi Sinongkelan sing asale saka Wewaler Kanjeng Sinongkel supaya saben taun ing sasi Sela dina Jemuwah Legi dianakake bersih desa maksude bersih desa iku gawe bersih badani para manungsa secara lair lan batin. Ngandharake tatarakite Tradhisi Sinongkelan kang awujud nyadran utawa bersih desa, ngandharake wujud, lan maknane saka ubarampe ing Tradhisi Sinongkelan.

## 2.2 Konsep Masyarakat lan Kabudayan

Konsep kabudayan yaiku minangka sistem gagasan, tumindak lan asil karya manungsa sajrone panguripan masyarakat. Adhedhasar andharan miturut para ahli ing ndhuwur bisa didudut yen kabudayan iku asale saka budhi lan akal kang sabanjure idhe lan gagasan saengga tuwuh nilai, norma lan aturan kang ngiket masyarakat. TLS kalebu kabudayan Jawa kang asale diripta dening manungsa lan menahi pangaribawa dening masyarakat penyengkuyung.

## 2.3 Konsep Folklor

Folklor minangka perangan disiplin ilmu kang madeg dhewe ing Indonesia. Dideleng saka etimologi, tembung folklor asale saka bangsa kulon yaiku folklore, kang dumadi saka tembung folk lan lore.

Miturut Danandjaja (2007:1-2) folklor yaiku salah sawijine kabudayaan kang sumebar lan diwarisake kanthi turun temurun kanthi tradhisional ing versi beda, ing awujud lesan utawa patuladhan kang digunakake kanggo gerak isyarat utawa pangeling-eling. Titikane folklor yaiku: 1) sumebar lan diwarisake kanthi lesan, 2) folklor sipate isih tradhisional, 3) folklor awujud versi kang beda-beda nanging intine padha, 4) folklor duwe sipat anonim ateges ora cetha sapa kang ngripat folklore iku mau, 5) folklor nduweni sipat berpola ing wiwitan crita diwiwiti tembung “dhek jaman semono”, lsp, 6) folklor nduweni sipat piguna kanggo masyarakat, 7) folklor asipat prologis, ateges folklor nduweni logika dhewe kang ora padha kaya liyane, 8) folklor dadi diduweni wong akeh kanthi bebarengan saka kolektif masyarakat tartamtu, 9) folklor iku asipat polos lugu, nanging kerepkasar utawa kalem uga alus.

Saka andharan ing nduwur TLS ing Kabupaten Mojokerto kalebu folklor lesan. Tradhisi iki wis ana wiwit mbiyen lan masyarakat ing kana nduweni keyakinan yen nglakoni tradhisi kasebut masyarakat bakal makmur lan bisa nyatokake manungsa marang alam utawa tetuwuhan lan tanda matur nuwun marang Gusti Kang Maha Kuwasa, nanging panyuwune ora luput saka Gusti Kang Maha Kuwasa amarga kabeh miturut kapercayaan dhewe-dhewe.

#### **2.4 Konsep Religi**

Religi ditegesake agama kang tuwuh adhedhasar wahyu saka Gusti kang Maha Kuwasa. Miturut Geertz (1981: 8) religi diperang dadi telung jinis kang dianut wong jawa, yaiku (a) Abangan, kang makili animistik; (b) Santri, kang makili aspek islam; lan (c) Priyayi, kang luwih mentingake aspek-aspek Hindhu. Saka jinis-jinis iku kalebu perangan saka kabudayaan masyarakat. Kabudayaan masyarakat bisa ndadekake sistem kapercayaan marang Gustine. Khusus masyarakat Jawa kang uga nduweni sistem kapercayaan.

#### **2.5 Konsep Tradhisi lan Adat Istiadat**

Koentjaraningrat (1985:20) tradhisi lan adat bisa kaperang dadi patang tingkatan, yaiku (1) Tingkat nilai budaya, arupa panemu kang awujud bab-bab kang paling wigati ing panguripane bebrayan lan lumrahe gegayutane karo emosi lan jiwane manungsa, (2) Tingkat norma-norma, yaiku arupa nilai-nilai budaya kang gegayutan karo panyengkuyunge saben anggota masyarakat ing lingkungan kang diarani unggah-ungguh, ing antarane wong tuwa lan anak, guru lan murid lan sapiturute, (3) Tingkat hukum yaiku arupa hukum kang wis mlaku ing bebrayan, lan (4) Tingkat aturan kang mligine utawa asli, yaiku arupa tumrap tumindak kang winates ing bebrayan lan nduweni sipat kongkret utawa nyata, kayata sopan santun.

Adhedhasar andharan ing nduwur bisa dimangerteni yen tradhisi iku ngrembaka lan owah miturut kahanan kang ana, tradhisi ing masyarakat bakal ditindakake lan diterusake para warga yen tradhisi iku dirasa nduweni paedah, swalike yen tradhisi kuwi ora nduweni piguna mula bakal ditinggalake dening para bebrayan. Kapitayan sajrone TLS nganti saiki isih diugemi dening masyarakat panyengkuyunge sarta isih

dipercaya masyarakat mligine masyarakat Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto umume. Kapitayan sajrone tradhisi kasebut sawijine tetinggalan para leluhur kang lumaku wiwit jaman biyen nganti saiki.

#### **2.6 Konsep Semiotik**

Sajrone tradhisi kang ana ing masyarakat Indonesia, salah siji ing masyarakat Jawa mesthi ana makna kang sumirat sing nduweni gegayutan karo kauripan Jawa arupa simbol. Simbol miturut Teeuw (1984: 47) asale saka basa Yunani “Symbolos”, tegese tandha utawa bab sing menahi weruh marang sawijing bab tumrap masyarakat liya. Piranti-piranti kang ana sajrone tata laku, unen-unen, ubarampe, utawa sesajen kang ana ing jerone tradhisi utawa upacara adat uga nduweni makna filosofis kanggo panguripaning masyarakat Jawa ing sabanjure. Simbol utawa tandha kudu dipahami lan dimangerteni kanthi pener lan bener, mula anggone menahi pangerten ngenani simbol nggunakake teori semiotik.

#### **2.7 Konsep Fungsi lan Makna**

Folklor kang duweni petang piguna yaiku : (1) Sistem proyeksi yaiku piranti pamawas angen-angen saliyan kolektif, (2) piranti pengesahan pranata-pranata lan lembaga kabudayaan, (3) sarana pendhidhikan, (4) piranti kanggo meksa lan ngawasi supaya norma-norma sajrone masyarakat bisa diugemi kanthi kolektif (Bascom sajrone Danandjaja,1984: 19). Pigunane folklor kang digunakake ing Tradhisi Larung Sesaji yaiku nggunakake konsep kang diandharake dening Bascom ing sajrone Danandjaya, 1984: 19) amarga nduweni gegayutan kang trep banget kanggo njlentrehake pigunane Tradisi Kebokeboan. Kaya sing diandharake ing dhuwur folklor kang ana ing satengahe bebrayan iku nduweni piguna tumrap masyarakat kang dadi panyengkuyung.

#### **2.8 Konsep Nilai-nilai Kabudayaan**

Orientasi nilai budaya miturut Kluckhohn (sajrone Koentjaraningrat, 2009:157) diperang dadi lima perkara, yaiku: a) panguripan mujudake pamilihan tumrap ala lan becik, b) wujud karya kanggo pakaryan lan kalungguhan, c) orientasi pikiran tumrap mangsa saiki lan mangsa kepungkur, orientasi urip kudu kanggo nggayuh mangsa ngarep, d) manungsa tunduk marang alam lan manungsa tansah njaga kahanane alam, e) orientasi antarane manungsa siji lan sijine.

#### **2.9 Konsep Owah-owahan Kabudayaan**

Salah sawijine wujud proses owah-owahan sosial sajrone masyarakat karo kabudayaan primitif lan kabudayaan kompleks (maju) yaiku proses imitasi, dilaksanakake dening para pemudha tumrap generasi luwih tuwa. Proses iki dilaksanakake kanthi cara sinau niru kang durung tamentu sampurna, saka pola tingkahe generasi kang luwih tuwa saengga ngasilake owahowahan kang suwi nanging owah-owahan kasebut bisa dideleng yen wis suwe. Owah-owaha sajrone masyarakat kang maju (kompleks) lumrahe saka panemu anyar (discovery) sajrone wujud pangripat anyar (invention) uga lumantar difusi. Mula discovey iki yaiku

jinis panemu anyar kang ngowahi presepsi hakikat ngenani sesambungan rong penyebab utawa luwih. Invention yaiku samubarang sujud anyar kang arupa barang (pamawas) kang dilaksanakake lumantar proses pangripta uga didhasarake lumantar kombinasi pamawas-pamawas kang wis ana ngenani barang lan penyebab (Sulaeman, 2010:46).

## 2.10 Landhesane Analisis

Lelandhesan analisis iki bakal ngandharake konsep miturut para ahli kang digunakake kanggo nintingi objek panliten, selaras karo bahan kajian utawa perkara kang dijupuk ing ndhuwur. Lelandhesan analisis iki digunakake supaya luwih gampang anggone ngandharake babagan tradhisi iki lan nduweni gegayutan karo TLS ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto.

## METODHE PANLITEN

Ing panliten bab iki, andharan ngenani ancangan panliten, objek lan papan panliten, sumber dhata lan dhata panliten, metode lan teknik ngumpulake dhata, lan tata cara analisis dhata kuwi ngandharake kepriye carane ngolah dhata kang digunakake ing panliten iki.

### 3.1 Ancangan Panliten

Sajrone panliten ngenani TLS kang ditindakake ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto iki nggunakake ancangan panliten pendekatan kualitatif. Miturut Sudikan (2001:85) ngandharake yen metode panliten diselarasake karo maksud lan tujuan panliten. Sajrone panliten iki nggunakake metode panliten kualitatif Dheskriptif kanggo gambarake kahanan kanthi luwih objektif.

### 3.2 Subjek, Objek, lan Papan Panliten

Papan panliten minangka perangan kang wigati sajrone panliten. Papan panliten yaiku sawijine wilayah utawa papan panggonan panliten dilaksanakake. Panliten TLS ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto, jalaran panliti milih papan panliten iki amarga mayoritas masyarakat suku Jawa, TLS ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto isih dilaksanani nanging ana saperangan tata laksana upacara kang wis mingsede. Mula panliten iki bakal medhar faktor kang njalari mingsede tata TLS ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto.

### 3.3 Sumber Dhata lan Dhata Panliten

Sumber dhata iki bisa awujud kaya wawancara lan dhokumentasi saka informan. Panliten TLS ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto pikantuk sumber dhata lan sumber dhata panliten saka informan, sumber dhata yaiku katrangan utawa bahan nyata sing bisa didadekake dhasar kajian.

### 3.4 Teknik Ngumpulake Dhata

Pangumpulan Dhata Teknik pangumpulan dhata ditindakake kanthi cara obeservasi. Teknik Observasi yaiku ndeleng utawa nliiti kanthi cara langsung kadadeyan-kadadeyan kang ana ing lapangan. Teknik

Wawancara dianakake kanthi tujuwan nglumpukake dhata utawa katrangan ngenani panguripane manungsa ing bebrayan minangka pituduh kang utama saka teknik observasi. Teknik Dhokumentasi yaiku sawijine teknik kanggo nglumpukake dhata lan katrangan kanthi nggoleki lan nemokake bukti-bukti.

## 3.5 Instrumen Panliten

Sajrone panliten TLS iki babagan kang dicathet yaiku padha karo sing diandharake Hutomo yaiku nyathet jeneng, umur, pendhidhikan utawa pakaryan, basa *informan*. Teknik nyathet ing kene ora mung dienggo nalika wawancara wae nanging uga nalika nyebar angket, saupama ana keterangan kang wigati. Bab kang perlu dicathet yaiku sakabehane kang dianggap wigati lan ana sambung rakete karo panliten kang ditindakake.

## 3.6 Tata Cara Analisis Dhata

Panliten komparatif miturut Affudin (2009: 85) yaiku ngenani dhata-dhata kang wis ana lan dikumpulake bisa arupa gambar utawa foto, lan ukara. Ing panliten iki uga dijlentrehake ngenani wujud tatalaku kang dadi pambada utawa pepadhaning TLS Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto kayata mula bukane, tatalakune, lan pamawase masyarakat. Saka panliten iki bisa dimangerteni yen bab-bab iki nduweni pambada anggone nglakokake tradhisi saengga padha karo kanyatan utawa fenomane kang ana ing masyarakat uga bisa mujudake sasaran saka panliten.

## 3.7 Tatacara Nyuguhake Asile Panliten

Sajrone panliten iki, bakal njlentrehake lan ngandharake asile panliten awujud laporan ngenani TLS wiwit tata lakune tradhisi, jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone tradhisi, nilai budaya kang ana ing tradhisi, lan ngandharake owah-owahan budaya sajrone tradhisi kasebut.

## ANDHARAN ASILING PANLITEN

Andharan asiling panliten ngandharake babagan etnografi desa lan andharan asiling panliten adhedhasar Uderan panliten. Ing bab etnografi ngrembug babagan desa, kang kasusun saka struktur pamrentahan desa, jumlah warga, pangupa jiwa, sarta pendhidhikan masyarakat. Sabanjure ngrembug ngenani tata lakune, jinis ubarampe lan uga makna kang kinandhut sajrone TLS, uga nilai budaya kang kinandhut sajrone TLS, kang pungkasan yaiku ngenani owah-owahan sajrone TLS. Supaya luwih mangerterni papan panggonan panlite, luwih dhisik bakal diandharake gegambarane Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto sarta kahanane masyarakat panyengkununge tradhisi larung sesaji ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto. Andharan kasebut ana ing ngisor iki.

## 4.1 Etnografi Desa Jetis

Etnografi miturut Spaedley (1997: 11) iki salah sawijine metode panliten kang kalebu kualitatif. Dhata etnografi iki oleh saka Kantor Kepala Desa Jetis. Panliti teka langsung lan golek dhata saka Lurah Desa Jetis banjur dibacutake menyang Sekretaris Desa lan diewangi

kaliyan Kepala Dhusun supaya gampang anggone nggoleki dhata Desa Jetis. Kanggo mangerteni masyarakate Dhusun Pecarikan Desa Jetis, Kecamatan Jetis, Kabupaten Mojokerto ing ngisor iki bakal diandharake ngenani sesambungan gambar bebrayan sajrone TLS.

#### **4.1.1 Kahanan Alam Dhusun Pecarikan Desa Jetis**

Sadurunge ngrembug babagan TLS, kang bakal diandharake ngenani karakteristik Desa kang dadi panggon panliten yaiku ana ing Dhusun Pecarikan, Desa Jetis, Kecamatan Jetis, Kabupaten Mojokerto. Desa kasebut minangka desa kang manggon ana ing dhaerah kali brantas, sisih lore kutha Mojokerto, ancere kurang luwih 20km saka desa nganti alun-alun Mojokerto. Wewatesane Kecamatan Jetis ing sisih lor Kecamatan Dawarblandong, sisih kulon Kecamatan Gedeg lan Kemlagi, sisih kidul wewatesan karo kali Brantas, ing sisih wetan wewatesan Kabupaten Gresik lan Kalimas. Ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis uga ana wangun kesehatan kaya dene Posyandu, Pokesdes, Bidan Desa iku gunane gawe melayani masyarakat sing kaya dene nganyomi masyarakt sing lara utawa njaluk surat rujukan digawe menyang Rumah Sakit.

#### **4.1.2 Kahanan Bebrayan ing sajrone Dhusun Pecarikan Desa Jetis**

Kahanan bebrayan ing sajrone Desa Jetis bisa mujudake kahanan panguripan kang ana ing desa kasebut, kayadene struktur pamong desa, pendhudhuk Desa Jetis, pangupajiwa masyarakat Desa Jetis, agama, lan gegayutane kahanan karo TLS. Kahanan bebrayan kasebut kajlentrehake ing ngisor iki, yaiku:

##### **4.1.2.1 Struktur Pamong Dhusun Pecarikan Desa Jetis**

Desa Jetis kasusun saka saperangan RT, RW, lan Dhukuh. Biyasane saben RT nduweni kelompok masyarakat kang isih ngugemi adicara tartamtu, kayata arisan, bersih desa, pengajian, lan sapanunggalé. Warga desa isih padha njaga tepa slira lan gotong royong antarane wong siji lan sijine. Mula saka kuwi, panguripan ing desa kasebut tansah rukun, ayem, tentrem lan ora ana ontran-ontran kang ndadekake prakara luwih gedhe antarane bebrayan.

Masyarakat Desa Jetis dipandhegani dening lurah kang ditemtukake nalika ana pemilu raya. Lurah bisa kawujud saka aspirasi masyarakat kanthi tujuwan mujudake desa kang luwih maju. Kasun kang mandhegani saperangan RT dadi pawongan kang dipercaya lurah ing masyarakat. Mudin menika perangkat desa kang ngurusi babagan adicara temanten lan wong kang tilar dunya, dene kaur iki kena diarani staf. Mulane saka dhata stuktur pamong desa kayadene kaur pamerintahan, kaur kesrah, kaur umum, kaur pembangunan, ketua BPD, lan ketua limnas uga perangkat kang nduwe pakaryan wigati.

##### **4.1.2.2 Pendhudhuk Dhusun Pecarikan Desa Jetis**

Dhata monografi saka kantor kepala Desa Jetis cacahé pendhudhuk nuduhake ana 2.127 KK, cacah sakabehane ana 6.372 wong, cacahé wong priya 3.277 jiwa dene wanita 3.095 jiwa. Cacahé KK (kepala kulawarga) ana 2.127. cacah sakabehane kajupuk nalika taun 2019. Andharan kanthi cetha ngenani dhata cacahing pendhudhuk kasebut bisa kadeleng ing sajrone tabel pendhudhuk ing ngisor iki:

##### **4.1.2.3 Pendhidhikan**

Pendhidhikan yaiku salah sawijine kahanan kang bisa nemtokake pola pikire masyarakat. Tingkat pendhidhikan kang nduwur saya gampang nampa pangaribawa saka njaba. Suwalike rendhah tingkat pendhidhikane bakal angel nampa pangaribawa kaya dene desa Jetis kalebu desa kang wis maju amarga didheleng saka pendhidhikane, akeh masyarakat kang isih wuta aksara tinimbang ngancik pendhidhikan sekolah. Pamikire masyarakat desa kasebut durung padha wigati marang pendhidhikan putra-putrine ing mangsa ngarep. Sekolah TK kang ana 2 unit, sekolah SD cacahé ana 2 unit, lan sekolah SMP ana 2 unit. Didheleng saka gedung sekolah ing desa Jetis uwis apik marang pendhidhikan.

##### **4.1.2.4 Pangupajiwa masyarakat Dhusun Pecarikan Desa Jetis**

Kahanan Dhusun Pecarikan Desa Jetis kang isih asri lan akeh sawah kang subur ndadhekake warga makaryo dadi buruh tani. Senajan gawe ing sawahe wong liya. Kajaba saka kuwi desa Jetis uga cidhak wilayah industri amarga dalan akses cidhak kutha kang wis maju mligine Mojokerto. Ana kang ana nyambut gawe dadi wiraswasta kaya dene, bukak warung kang adol kabeh piranti kang dibutuhake masyarakat, penjahit, montir lan sopir. Pegawai Negri utawa guru swasta uga dadi pakaryane masyarakat nduweni dhuwit linuwih kanggo sekolah. Pangupajiwa kang ditlateni deni masyarakat desa kasebut, sakwayah-wayah kanggo nyukupi kebutuhan sakbendinane.

##### **4.1.2.5 Agama lan Sistem Religi Dhusun Pecarikan Desa Jetis**

Agama minangka cekelane urip manungsa sajroning urip ing donya. Manungsa nduweni hak lan bebas sajroning nganut kapercayane dhewe-dhewe. Agama kang ana Indonesia yaiku Islam, Katholik, Kristen, Hindu lan Budha. Kapitayan kang disembah yaiku padha mung Gusti Pangeran kang papan dununge manggon ing ati lan kapitayan dhewe-dhewe. Geertz (1981:8) ngandharake ana telung jinis agama kang diugemi dening wong Jawa yaiku abangan, santri, lan priyayi.

Bab ing ndhuwur wis diandharake ngenani kahanan alam, kahanan masyarakat kang kaperang saka cacah pendhudhuk, tingkat pendhidhikan, kahanan ekonomi, agama ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis lan gambaran ngenani sarana ngibadhah lan pendhidhikan. Bab kang kasebut nduweni pangaribawa lan ana gegayutan tumrap pangrembakane TLS.

##### **4.1.2.6 Basa kang Digunakake ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis**

Basa minangka alat komunikasi ing sajrone pasrawungan bebrayan. Saben dhaerah nduweni ciri khas dialek lan basa kanggo omong-omongan kang bisa mbedakake karo basa dhaerah liyane. Basa kang digunakake ing sajrone pasrawungane warga Dhusun Pecarikan Desa Jetis yaiku basa Jawa. Basa Jawa ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis iki digunakake sakben dinane masyarakat kasebut lan ana uga nganggo basa campuran Surabayaan, ing kene basa sing paling dominan yaiku nganggo basa Jawa ngoko alus. Nanging ora kabeh masyarakat nganggo basa Jawa amarga nang

kana mayoritas pendhudhuk pindhahan saka njaba desa liyane.

Basa Indonesia digunakake ing kahanan kang resmi, kaya dene ing lingkungan sekolah lan ing instansi-instansi pamarintahan. Kotbah-kotbah agama apa wae kadhang kala uga isih ana kang nggunakake basa Jawa. Rapat-rapat kang resmi ing tingkat desa nggunakake basa campuran, basa Jawa, lan basa Indonesia. Saliyane iku warga Dhusun Pecarikan Desa Jetis. Kalebu wong tuwa uga para pamudhane nggunakake basa campuran nanging biyasane saben desa ana kang nggunakake basa beda-beda. Kanggo wong sepuh utawa wong tuwa luwih kerep nggunakake basa Jawa, basa Indonesia sithik digunakake ing kalangane wong kang wis tuwa. Perangkat desa lumrahe nggunakake basa campuran, yaiku basa Jawa krama alus.

#### **4.1.2.7 Gegayutane Kahanan Desa lan TLS**

TLS ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis isih diugemi lan lestari nganti saiki. Sajrone urip bebrayan ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis, sethithik akehe mesthi nduweni sesambungan kang raket karo anane TLS. Amarga saperangan masyarakat kasebut nduweni kapitayan uga pamikiran kang kuwat tumrap lumakune TLS kang ditindakake. Bab kasebut uga disengkuyung alam bebrayan ing desa Jetis.

Masyarakat dhusun Pecarikan Desa Jetis nduweni kapitayan wigatine nindakake adat-istiadat sajrone bebrayan kayata TLS. Nanging, ing jaman saiki ana saperangan masyarakat nduweni kapitayan kang nganggep adat-istiadat utawa kabudayan Jawa kalebu TLS kuwi sipate musrik. Mula, kudu ditilar lan ora kudu dilakoni maneh. Senajan ana sing nduweni pamikiran kaya mangkono, masyarakat dhusun Pecarikan Desa Jetis pola pikire wis maju. TLS iki tetep dilestariakake supaya budaya leluhur ora muspra. Kagiyatan tradhisi iki bisa njunjung kerukunan, kaharmonisan, lan gotong royong. Anane TLS iki kalebu salah sijine cara kanggo ngucap rasa sukur masyarakat marang Gusti Kang Maha Kuwasa.

## **4.2 Tata Lakune Tradhisi Larung Sesaji**

Tradhisi Larung Sesaji ngandhut saperangan tata laku utawa tata rakit. Tata rakit minangka babagan kang wajib ana sajrone upacara adat utawa ritual adat. Tata rakit uga nduweni nilai, simbol, lan makna kang wigati banget tumrap panguripan masyarakat. Kapitayan kang ana sajrone masyarakat, simbol lan makna kang kinandhut ana sesambungane karo Gusti kang Maha Kuwasa lan uga bisa dadi pangeling-eling. Mula, anane tata rakit sajrone tradhisi Larung Sesaji satemene wigati banget kanggo masyarakat. Sakabehe makna kang kinandhut kudu tansah digatekake supaya bisa mangerteni apa nilai luhuring kabudayan sajrone adicara tradhisi Larung Sesaji. Masyarakat panyengkununge nalika nindakake tradhisi Larung Sesaji bakal nduweni pengarep-arep supaya kekarepane bisa kasembadan dening Gusti. Tata rakit kang ana sajrone Tradhisi Larung Sesaji yaiku persiapan, supaya luwih gamblang babagan maknane, kaandharake ing ngisor iki.

### **4.2.1 Tahap Wiwitan Tradhisi Larung Sesaji**

Sadurunge dianakake TLS ana bab sing kudu disiyapake lan dirembug supaya adicara kasebut bisa

lumaku kanthi tumata. Wiwit saka musyawarah para sesepuh desa kanggo ngandani ubarampe lan piranti apa wae kang kudu ana, senadyan masyarakat ora perlu anane musyawarah kanggo netepake dina, nanging masyarakat perlu musyawarah kanggo persiapan TLS ana ing pundhen berundhuk para leluhur lan nyuwun pandongane supaya adicrane lancar ora ana alangan apa wae.

Bab dibacutake ngenani mbentuk panitia lan paragane sabanjure kanthi nindakake pakaryan dhewedhewe ing antarane rembugan utawa musyawarah yaiku ngrembugne sapa sing dadi paraga ing adicara TLS kasebut lan pandhereke. Kabeh mau ditata nalika acara bisa dilaksanakake kanthi sakral lan tumata. Para panitianane yaiku saka perangkat desa, para pemuda karang taruna desa, ketua adat lan saperangan saka masyarakat sing wis diutus ketua adat cawe-cawe ana ing TLS kasebut. Para paragane ana ing TLS yaiku sing dadi pamangku adat yiku Bapak Andres para pandhereke yaiku Mas Ambon, Pak Pardi, lan para pemuda karang taruna sing ana ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis. Para warga saperangan ana sing ngesiki pundhen berundhuk lan nyiapake kanggo adicara TLS kasebut.

Tradhisi iki saka jaman biyen ditindhakake lan ora tau diowahi, nanging ana saperangan wae sing ana owah-owahan nanging miturut pamikire masyarakat desa Jetis isih percaya kaya apa sing wis diomongne mbah-mbah jaman biyen menawa ana sing ngowahi tata lakune adicara TLS kasebut tetep mlaku lan masyarakat percaya bakal ora ana apa-apa. TLS kasebut pancen isih dijaga karo masyarakat sekitar, saka anane adicara dedonga bebarengan ana ing pundhen berundhuk supaya kita ngurmati para leluhur kita lan ngucapake rasa syukur marang Gusti Maha Kuasa.

### **4.2.2 Panindake Tradhisi Larung Sesaji**

Adicara iki kalebu minangka dadi punjere saka sawijining adicara. Ing TLS iki punjere yaiku bakal dijilentrehake ing ngisor iki.

#### **1) Pambuka**

Sekabehe tata laku sajrone tradhisi Larung Sesaji wis dicepakake kanthi mentes. Babagan kuwi supaya tradhisi Larung Sesaji bisa kalaksanakake kanthi lancar. Panitia digawe adoh dina kanggo nyepakake samubarange. Panitia uga nduweni jejibahan dhewedhewe supaya bisa cundhuk apa kang wis dadi tugase. Panitia sajrone tradhisi iki luwih akeh saka para budayawan lan saperangan saka masyarakat desa Jetis.

Panitia nyepakake terop kanggo para tamu undhangan lan ubarampe kaya janur kuning uga dipasang menyang sisih kiwo tengene pundhen berundhug kasebut lan masyarakat kang nyekseni kabudayan kasebut sedina sadurunge nata bangku lan kursi ditindakake sepisan. Wayah esuk sadurunge nindakake acara tradhisi Larung Sesaji kawiwitan, pundhen berundhak dibeberi gelaran kanggo wadhah uba rampe lan palungguhan kanggo pandherek tradhisi iki. Bageyan ubarampe nduweni peran kang wigati amarga tugase nyepakake kanggo adicara Tradhisi Larung Sesaji.

Babagan kang dicepakake uga yaiku ngenani persiapan tradhisi Larung Sesaji lan bakal di arak menyang kali Marmoyo. Tradhisi Larung Sesaji kalaksanan, nalika prosesi upacara adat dilaksanakake ora

ana babagan kang nyegah saengga adicara Tradhisi Larung Sesaji bisa ditindakake kanthi lancar.

## **2) Piuning**

Tata laku kang utama utawa punjure adicara Larung Sesaji yaiku Piuning. Piuning yaiku adicara nyuwun donga marang para leluhur desa kanthi cara dedonga menyang pundhen berundhak utawa candhi tinggalake para leluhur. Piuning biyasane dilaksanakake sedina sakdurunge tradhisi Larung Sesaji kasebut dilaksanakake, ing njero tradhisi iki ora kabeh masyarakat melu dedonga nanging mung saperangan pawongan kang ngerti babagan tradhisi kasebut kaya dene para sesepuh desa lan adat budaya.

Makna kang kinandhut sajrone prosesi piuning yaiku njaluk kaberkahan lan kamakmuran marang Gusti Kang Maha Agung. Masyarakat nganggo janur kuning minangka simbol kanggo njaluk sekabahe samubarang mung marang Gusti. Masyarakat kudu tansah iling marang pangriptane. Sekabehe ing ngalam donya iki mung titipan lan bakale dijupuk klawan kang duwe. Mula, masyarakat kang melu tradhisi Larung Sesaji di wenehi kawruh supaya gampang atur panuwun utawa syukur tumrap apa kang wis dinduweni. Kanthi asring ngucap sukur, bakal antuk kanikmatan kang linuwih saka Gusti.

## **3) Kirab Ubarampe**

Tata laku sawise prosesi piuning yaiku prosesi kirab ubarampe. Prosesi kirab ubarampe yaiku ritual kanthi cara ngubengi pendopo menyang pundhen berundhak kang wis temtokake. Kirab ubarampe iki kawiwitan saka papan pendopo Dhusun Pecarikan Desa Jetis kanthi nggawa kirab ubarampe banjur mlaku ngubengi saperangan dalan Dhusun Pecarikan Desa Jetis tumuju menyang pundhen berundhak. Nalika kirab ubarampe kalaksanakake kanthi kairingan tarian-tarian tradhisional nganti purna. Pandherek sajrone kirab ubarampe iki masyarakat lan para sesepuh. Saliyane kuwi, pandeleng tradhisi iki uga antuk melu kirab ubarampe.

Prosesi kirab ubarampe sajrone tradhisi Larung Sesaji nyimbolake rasa gotong royong antarane warga siji lan sijine kanggo nyengkuyung tradhisi iki. Masyarakat kang urip ing sakiwa tengene kanthi kirab ubarampe gelem nglodangake waktu kanthi ninggalake pangupajiwane sadhela kanggo nglaksanakake tradhisi iki. Kanthi kaya mangkono, bisa ngraketake paseduluran. Masyarakat kudu bisa nyangga bebarengan babagan apa wae kang ana ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis. Masyarakat kang kumumpul nyawiji lan gelem nguri-uri tradhisi Larung Sesaji iki, katon guyub rukun. Bab kasebut bisa ngenalake tradhisi Larung Sesaji ing masyarakat njaba kang bisa dadi idhentitas saka Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto.

## **4) Pasujudan Agung**

Tata laku sawise prosesi jebol kirab ubarampe yaiku prosesi pasujudan agung. Prosesi pasujudan agung yaiku ritual kanthi cara dedonga bareng utawa nyembah kanthi cara bebarengan ing ngarep uba rampe kanggo wujud bakti kita marang para leluhur. Tradhisi pasujudan

agung ora sembarang uwong bisa mimpin ing kana uwis ana sing mimpin yaiku Bapak Andres yaiku salah sijine para sesepuh ana ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis.

Pasujudan Agung dilaksanakake kanthi cara kusyu', para warga pada lungguh jejer menyang ngarepe uba rampe sing uwis disiyapake karo panitia. Ing kana para warga pada dedonga lan ngucapake rasa syukur marang Gusti Maha Kuasa lan ngabekti marang para leluhur. Kabeh pada gawe klambi warna ireng lan gawe udheng sing ana ing sirahe.

Prosesi pasujudan agung sajrone tradhisi larung sesaji iki nyimbolake rasa syukur marang Gusti Maha Kuasa lan kita kudu eling karo sing gawe urip. Ing pasujudan agung iki kita supaya ora lali dedonga marang sing gawe urip lan mangereteni siji-siji apa wae uba rampe sing ana ing tradhisi larung sesaji. Prosesi pasujudan agung ora kabeh uba rampe digawe lan adicara kaya dene adicara tradhisi larung sesaji sing ana ing desa liyane ora padha amarga nduweni makna lan tujuwan tartamtu.

## **5) Larung Sesaji**

Tata laku sawise prosesi pasujudan agung yaiku prosesi larung sesaji. Prosesi larung sesaji yaiku ritual kanthi cara nglarungake sesaji ing kali Marmoyo. Ing kana kabeh ubarampe sing wis dicepakake karo panitia ing nduwur debog dilarungne ing kali Marmoyo kanthi mantra-mantra sing wis didongani marang para sesepuh Dhusun Pecarikan Desa Jetis.

Tradhisi Larung Sesaji minangka salah sawijine adicara tradhisi kang dilakoni saben taun. Adicara cara iki anggone iuran kanggo adicara Larung Sesaji iku ora kabeh masyarakat melu nyengkuyung nanging sing gelem melu iuran lan iklas. Tradhisi Larung Sesaji kang wis tumata ing panggonan sing wis ana banjur dipasrahake dening pawongan kang sing wis kapilih pamangku adat.

## **6) Pungkasan Adicara Pagelaran Wayang**

Tata laku sawise prosesi larung sesaji yaiku prosesi pungkasan yaiku pagelaran wayang kulit. Prosesi pagelaran wayang kulit yaiku ritual iki digawe hiburan ana ing tradhisi Larung Sesaji kasebut. Sakdurunge wayang kulit diwiwiti ana uga hiburan liyane kaya dene tarian-tarian tradisional kanggo nglipur para warga sing wis ana ing adicara kasebut lan tinata ana ing papan panggonan sing uwis disiyapake karo panitia.

Saliyane kuwi pagelaran wayang kulit iku minangka budaya jawa kang isih dilestariake lan isih akeh masyarakat gunakake acara kaya dene pagelaran wayang kasebut. Budaya minangka seni kang ngandhut kaendahan lan tindak-tanduk ana ing pagelaran wayang kulit. Ing njero lakon pagelaran wayang kasebut nduweni sifat sing kaya dene manungsa dadi ing adicara wayang pagelaran kasebut nyritake sipat-sipat manungsa lan kauripane manungsa. Masyarakat sing ana desa kasebut nglakoni kanthi cara taat lan kudu ngeluri buadaya jawa kaya dene pagelaran wayang kulit kasebut lan tradhisi iki wis ana lan turun temurun ing masyarakat Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto.

Pungkasane adicara sajrone TLS yaiku hiburan Pagelaran wayang kulit, pagelaran wayang kulit uga kesenian budaya Jawa sing kudu dilestarikake. Pagelaran wayang kulit nduweni makna yaiku ngenani kaendahan sifat saka lakon-lakon wayang kulit kasebut, uga menahi tuladhan manungsa sakben dinane. Ing lakon wayang kasebut uga nduweni sipat-sipat dhewe-dhewe ana sing nduweni sipat jahat, apik, serakah, lsp. Saka warna-warna wayang kasebut nduweni watak beda-beda.

#### 4.3 Jinis Ubarampe lan Uga Makna Kang Kinandhut Sajrone Tradhisi Larung Sesaji

Ing adicara TLS uga nggunakake ubarampe kang dipercaya masyarakat menahi makna tumrap masyarakat nyengkuyung anane tradhisi iku. Bukti yen tradhisi kasebut nggunakake maneka warna ubarampe utawa sajen bakal diandharake ing ngisor iki:

Sajrone tradhisi kang ditindakake karo masyarakat Jawa mesthi nduweni makna simbolis kang samudana ing ubarampe. Ubarampe utawa piranti kang digunakake ing sajrone tradhisi utawa ritual kang wis ana lan ngrembaka ing masyarakat Jawa.

Ubarampe kang ana ing sajrone tradhisi Larung Sesaji nduweni teges lan makna kang beda-beda kayata kanggo nglarungake sesaji ana ing kali Marmoyo suapay kita tansah urip anyem tentrem lan bisa nyawiji dadi siji karo alam sing ana sakiwa tengene kita, nuwuhake keraketan antarane masyarakat, lan nuwuhake rasa gotong-royong antar masyarakat. Miturut Pak Andres lan tokoh adat ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis ubarampe kang digunakake ora tau ganti ing saben taune kang wis disyaratake sakabehe wujud ubarampe kudu ana nalika nglakoni adhicara TLS. Ubarampe kasebut antarane yaiku tumpeng, panca warna, rengginang, lawuh, urap-urap, jajan pasar, pala pendhem, gedhang raja setanggep, kelapa, Sirih, Gambir, Mbako, Buah Jambe, kembang setaman, godhong gedhang, badek (banyu ketan), klobot, gedhang raja talun, seikat padi, buah-buahan, tebu wulung, janur kuning, cengkir, kembang mayang, sekapur sirih, kembang panca warna (melati, mawar merah, kanthil, gadhing kuning kenanga), santan kanil, damar kembang. Ubarampe ing sajrone tradhisi iki keprang patang jinis yaiku ubarampe kang asale saka tetuwuhan, kewan, barang, lan pusaka. Ubarampe-ubarampe kasebut bakal diandharake kanthi rinci ing ngisor iki.

##### 4.3.1 Tetuwuhan

Ubarampe ing perangan iki asale saka woh-wohan utawa asil bumi kang dikasilake langsung karo tetuwuhan kag urip ing alam donya. Asil bumi kang dikasilake dening taneman banjur diolah dadi pangan utawa olahan liyane, kaya ing andharan ngisor iki.

##### 1) Tumpeng

Tumpeng salah sawjine ubarampe kang kudu ana ing saben-saben tradhisi ing suku Jawa. Tumpeng kang asale saka pari, sing wis ngliwati maneka warna proses supaya dadi gabah, banjur gabah diolah dadi beras. Beras kang wis diolah lan dimasak dadi sego kang dibentuk krucut kaya gunung kang diarani tumpeng.

Tumpeng nglambangake kesuksesan utawa kasampurnan. Yen kita nglaksanakake kudu kanthi cara tuntas lan ora setengah-setengah. Segu tumpeng tembung “tumpeng” asale saka tembung Tumungkulo Sing Mempeng, tegese yaiku yen kita nduweni cita-cita kita kudu sregep lang kudu tenan lan nduweni ati sing resik. Saliyane kuwi awujud kerucut ing tumpeng yaiku nduweni teges yen kita kudu mumpeng lan kudu setia lan eling marang Maha Kuasa, lan tumpeng nduweni jelmo alam semesta ana ing sego awujud gunung diubengi kasil bumi arupa tetuwuhan, kewan lan banyu.

##### 2) Jenang Panca warna

Jenang utawa bubur minangka jinise pangan tradhisional kang wis ana wiwit jaman biyen lan dadi ciri khas saka suku Jawa. Jenang kang warna-werni rupane nglambangake masyarakat Jawa kang maneka warna marang budaya, tradhisi lan kapitayane, kaya dene jenang panca warna kang nglambangake patang panjuru arane angin. Ing tradhisi Larung Sesaji iki jenang panca warna kudu ana lan kabeh kuwi diseleh menyang papan panggonan ana ing papat panggonan ana ing penjuru mata angin kaya dene (banyu, geni, angin, lemah, lan teja).

Jenang panca kaperang dadi limang warna :

- o Jennag abang
- o Jenang ketan ireng
- o Jennag jagung
- o Jenang ketan putih
- o Jenang kacang ijo

##### 3) Rengginang

Rengginang yaiku panganan kang asale saka beras ketan. Beras ketan kang wis dimasak lan diolah dadi sega ketan banjur dipepe nganti garing. Nalika sega ketan wis gaing banjur digoreng.

##### 4) Lawuh

Lawuh minangka campuran arupa panganan kang dipangan bebarengan karo sega. Lawuh ing tradhisi Larung Sesaji antarane orem-orem tempe, tahu, perkedel lsp. Lawuh kang asale saka tetuwuhan kang wis diolah dadi maneka warna panganan nglambangake yen tetuwuha uga bisa dadi lawuh utawa sandingan kanggo mangan sega.

##### 5) Urap-urap

Urap-urap kang dianggep dadi isen-isen sajrone tumpeng. Urap-urap kang asale saka tetuwuhan kang wernane ijo nglambangake kauripan ing alam donya kang didominasi karo alam kang wernane ijo. Urap-urap nduweni lambang urip, urup, urap kang tegese:

- a. Urip tegese: Kita kudu sadar saka ngendi kita asale, lan apa sing dilakoni nganti urip, lan banjure ana ing ngendi tujuwan sakbanjure mati.
- b. Urup tegese: Kita nganti urip tekan seprene kudu nduweni teges kanggo wong liya, lingkungan, agama, bangsa lan negara.
- c. Urap tegese: Ing njero masyarakat kita kudu bisa nyengkuyung karo sapa wae, saka telung makna kang ana ing sajrone urap-urap dikarepake manungsa bisa bakal slamet lan mulya sajrone panguripan.

## **6) Jajan pasar**

Ubarampe sabanjure kang ana ing sajrone tumpeng yaiku jajan pasar. Jajan pasar kang nduweni teges yaiku jajanan manekawerna kang didol ana ing pasar. Jajan pasar kang maneka warna uga nduweni makna sajrone panguripan ing bebrayan, manungsa iki uga nduweni pepenginan kang maneka warna jinis lan rupane. Jajan pasar kang nduweni simbol kerukunan, Nglambangake harmoni sanajan ana pambedane, kudu tetep sabar.

## **7) Palawija**

Palawija minangka ubarampe kang nglambangake lemah lan alam desa kang subur, makmur lan bisa dadi panggonan kauripan kanggo warga desa. Palawija minangka perangan asil bumi kang bisa dikasilake lan dimanfaatake kanggo warga desa. Palawija kang dadi ubarampe ing sajrone tradhisi Larung Sesaji antarane :

- a. Palapendem yaiku : ( tetuwuhan kang ngasilake woh-wohan ing sajrone lemah utawa kependem ing lemah kayata tela, tales, uwi, kacang brol, sabrang lps.)
- b. Polo gumantung yaiku : (woh-wohan kang dikasilake karo tetuwuhan kang manggon ing dhuwur wit utawa gumantung ing wit, kayata kates, tewel, klapa, kluwuh lps.)
- c. Polo kesimpar yaiu : (woh-wohan kang wite rumambat ing sadhuwure lemah kayata, semangka, timun, besusu, lps.)

Sakabehane perangan kang ana ing alam dunya bisa nglambangake keadaan lan suwasana kang lagi dirasakake karo manungsa. Kabeh kuwi nglambangake kondisi manungsa, apa sing ana ing pikirane, imajinasi, alesan lan tatacarane, ing manifesting kepinginan kita ora bisa ngrawat, nanging kudu mikir kanthi ati-ati, tansah monggo wong lan bisa dadi bangga dening tuwane, sing tegese "mendem jero, mikul dhuwur "(nyandhang siji ing ngisor iki, nggawa ing ndhuwur).

## **8) Gedhang raja setangkep**

Gedhang raja setangkep dadi salah sawijine ubarampe nalika nglakoni tradhisi larung sesaji. Gedhang raja setangkep dadi salah sawijine sajen kang kudu ana. Gedhang raja setangkep iki ora kena ditinggalake nalika nglakoni tradhisi ing masyarakat Jawa wiwit jaman biyen. Gedhang raja kasebut akeh jinise, ana gedhang raja awak, gedhang raja kuweni lan gedhang raja asli. Nanging sajrone ubarampe kang digawe gedhang apa wae amarga kanggo njangkepi tumpeng sarta ora ditentokake jinis gedhang rajane karo masyarakat Desa jetis bebas nggunakake gedhang raja apa wae. Gedhang raja nduweni simbol, makna lan piguna yaiku pawongan kang ngemena kuwi bisa kaya jejere narendra nduweni solah bawa kang becik.

Gedhang raja kang digawe sajen sajrone adhicara wujud ana rong cengkeh utawa setangkep. Gedhang raja kang digunakake kudu wis mateng amarga sawise adhicara gedhang kasebut bakale dipangan dening masyarakat Desa Jetis kang melu adhicara. Gedhang kasebut nduweni maksud supaya masyarakat Jetis lan

sakupenge uga oleh kaslametan lan pitulungan nalika nindakake adicara tradhisi Larung Sesaji.

## **9) Klapa**

Klapa ing njero trdisi iki yaiku nglambangake saperangan samubarang sing ana ing njerone panguripane manungsa lan nduweni manfaat kanggo panguripane manungsa.

## **10)Kinangan**

Kinangan minangka ubarampe sandhingan kang mesti ana ing sajrone tradhisi ing tanah Jawa. Ubarampe iki minangka simbol ucapna sugeng rawuh tumrap para tamu. Wong Jawa ing jaman biyen wis mulai nggunakake maneka warna tanduran kang dicampur dadi siji kang dipercaya nduweni manpaat kanggo awak.

Kinangan kang isine racikan saka bako, enjet utawa apu kang asale saka jurusan gamping putih, suruh, gambir, lan jambe kang diracik lan dicampur dadi siji banjur dimamah. Manpaatake yaiku kanggo nguatake untu lan nduweni teges yaiku, supaya kita ora omong tembung sing kasar utawa saru diucapake. Kinangan minangka ramuan lan racikan tradhisional kang digunakake mung dimamah utawa dikunyah ora ditelen kaya dene premen karet.

## **11)Kembang setaman**

Kembang setaman yaiku campuran saka patang jinise kembang kang tuwuh lan ditandhur ana ing sangarepe omah utawa ing lingkungan omah kang diarani taman. Kembang setaman kasebut ana kembang mawar, kembang mlati, kembang kenanga, lan kembang kanthil. Ambune saka kembang setaman kuwi ancen wangi banget uga yen disawang saka adoh katon endah. Kembang setaman minangka salah sawijining ubarampe kang kerep digunakake nalika acara lan tradhisi-tradhisi tartamtu kang ana ing Jawa. Kembang setaman nduweni lambang raga manungsa kayata, lair, tuwuh, mati uga nglambangake harmoni urip. (ditambahi andharan tentang kembang mlati, kembang mawar, kembang kanthil, kembang kenanga)

## **12)Godhong gedhang**

Godhong gedhang minangka perangan ubarampe sabanjure kang asale saka tandhuran wit gedhang. Godhong gedhang nduweni fungsi kanggo bungkus takir. Takir kang nglambangake tatag ing pikir tegese manungsa kudu nindakake kanthi cara mantep lan ora oleh ragu-ragu. Godhong jati nduweni paedah kanggo bungkus panganan, sing luwih kuat saka godhong gedhang lan nduweni paedah warna sing alami.

## **13)Badheg**

Badheg utawa banyu tapi, asale saka beras ketan kang wis diolah dadi sega ketan banjur diwenahi ragi banjur diimbu nganti rong wengi suwene supaya dadi tape. Saka tape kasebut banjur bisa ngasilake badheg utawa banyu tapi. Banyu tapi kang nduweni rasa legi menahi teges ketentreman urip ing alam dunya.

## **14)Rokok klobot**

Nglambangake kebutuhan sekunder manungsa, yen ana kumpulan utawa rapat bakal nduweni makna kerukunan.

#### **15) Gedhang raja talun**

Gedhang raja talun nduweni lambang supaya nduweni cita-cita kita tansah leluhur kanggo mbangun bangsa lan negara.

#### **16) Saiket pari**

Pari minangka tetuwuhan kang menehi akeh manfaat kanggo kauripane masyarakat Jawa. Masyarakat Jawa kang akeh-akehe nyambut gawe dadi tani kang padha nandhur palawija kanggo pangan saben dina. Pari kang kalebu tandhuran palawija nduweni gegayutan kang rumaket banget karo masyarakat Jawa, kaya dene ing tegese saiket pari. Saiket pari nglambangake manungsa sing nduweni isi, apik lair batin, lan nduweni kawruh sing merundhuk kaya dene beras, luweh tua luweh merundhuk.

#### **17) Woh-wohan**

Woh-wohan minangka ubarampe kang diasil bumi karo tetuwuhan kang nglakoni proses sing dawa lan suwe, kang diwiwiti saka kuncup, kembang, penthil, banjur bisa ngasilake woh. Woh kasebut bisa digunakake karo manungsa dadi manekawerna olahan. Woh-wohan kang dikasilake karo tetuwuhan kang ngalami proses dawa menehi gegambaran proses kauripan manungsa kang dawa, suwe lan akeh pantangan kang kudu dilakoni.

#### **18) Tebu wulung**

Tebu wulung nglambangake kekuatan lan kemantapan batin, kang dikarepake, budi pekerti lan kepribadian kita luweh kukuh lan ngadeg kaya dene tetuwuhan tebu ngadeg jejeg.

#### **19) Janur kuning**

Janur kuning nglambangake cahya padhang, supaya kita tansah pinaringan dalan sing lurus lan nglakokake panguripan iki.

#### **20) Cengkir**

Cengkir utawa krambil kang isih enom ngarepake dadi degan. Cengkir ing sajrone tradhisi iki nggunakake cengkire klapa ijo lan klampa gadhing. Cengkir kang nglambangake kekuatan batin lan landheping pikiran manungsa nalika nglakoni kauripan ing alam dunya. Tegese yaiku nalika nglakoni tindakan kita ora oleh mung ngandhelake pikiran lan fisik nanging uga nggunakake akal budhi lan ati.

#### **21) Kembar mayang**

Kembang manyang nglambangake pasangan manungsa sing mantep lan siyap madakake bibit-bibit manungsa unggul kanggo generasi sabanjure.

#### **22) Sekapur sirih**

Sekapur sirih nglambangake yen manungsa kudu kuat ngadepi masalah apa sing bakal kedadeyan ana ing njero panguripane. Tegese saka sesajian sekapur sirih yaiku supaya kita ngadepi masalah siyap lan kuwat

#### **23) Kembang panca warna**

Kembang panca warna kaperang dadi 5 yaiku melati, mawar merah, kanthil, gadhing kuning, lan kenanga. Saka andharan kembang panca warna nduweni teges nduweni rasa tresna lan nduweni ambu sing wangi lan anyem tentrem.

#### **24) Santan kanil**

Santan kanil perangan ubarampe kang asale saka klapa kang wis diparut banjur diperes kanggo dijupuk santen utawa sarine. Santen kanil minangka olahan sari klawu kang paling murni kang nglambangake sari-sari karuipan manungsa. Santen kanil kang nyimbol sari-sari urip arupa susu ibune. Tegese kita tansah ngeling-eling layanan lan kurban ibu sing nglairake kita.

#### **25) Damar kembang**

Digawe saka klapa kang serat lan bathoke wis diilangi. Banjur dibolongi ing bagean kang dadi panggonan bakal tunas. Saka bolongan kasebut banjur diiseni banyu klapa lan diwenahi sumbu lan diuripake. Damar kembang Iki ubarampe kang nglambangake kauripan, kang tegese kita kudu ngisi kauripan iki kanthi prilaku lan tindakan kan becik uga budhi pekerti kang luhung.

#### **4.3.2 Kewan**

Ubarampe sabanjure yaiku ubarampe kang asale saka kewan kang diingu lan diopene karo manungsa. Kewan utawa ingon-ingon kang diopene dening manungsa kasebut bisa ngasilake anak kewan, daging, endhog uga bisa didol supaya ngasilake dhuwit.

#### **1) Inkung**

Inkung yaiku olahan pitik kang dipetengake kang isih kemanggung lan bakal ngasilake daging kang isih legi ora gonyeh, nanging kanggo slametan utawa adicara slametan latar kasebut luwih becik nggunakake pitik Jawa. Pitik ingkung kang asale saka tembung manengkung kang tegese ngunjukake donga lan rasa syukur tumrap Pangeran kanthi ati kang anteb. Inkung kang nglambangake ngorbanake saklawase urip, kudu tresna marang liyane lan nglambangake asil bumi kaya dene kewan sing ana ing lemah.

#### **2) Maneka warna jinise iwak**

Ubarampe iki ngandharake yen jinise iwak kang urip ing alam dunya iki akeh lan maneka warna jinise. Iwak kang bisa diolah dadi maneka warna panganan iku asale saka loro panggonan yaiku iwak kang urip banyu tawar lan iwak kang urip ing banyu asin. Saben-saben iwak kang urip ing loro jinise banyu iki uga nduweni manfaat lan guna kanggo manungsa. Maneka warna jinise iwak ing kene uga asil saka bumi sing ana ing banyu kaya dene iwak, lsp.

- a. Iwak bandheng nglambangake rejeki sing turah-turah.
- b. Iwak teri nglambangake urip rukun karo manungsa liyane.

### 3) Endhog

Endhog utawa jasad urip kang kabuntel ing kendhangan utawa cangkok bakal dadi kewan. Endhog kang nglambangake asal mulane kauripan ing alam dunya.

#### 4.3.3 Dudu tetuwuhan

##### 1) Banyu ing kendhi

Banyu kang wernane bening ing sajrone kendhi utawa wadhah banyu kang digawe saka lemah nganggo cucuk lan gulu. Banyu utawa toya wening kang menehi teges nalika kita urip ing alam dunya kudu resik ing pikirane lan suci ing ati nalika ngadep Gusti kang makarya jagat.

##### 2) Banyu ing gelas lan ana banyu

Nglambangke banyu kanggo diombe kang bisa njangkepi kabutuhan uripe manungsa ing alam dunya. Mulai kanggo masak lan ngopeni tandhuran utawa kewan liyane.

##### 3) Kopi pait

Kopi pait minangka perangan ubarampe kang nglambangake unsur banyu nanging dudu banyu kang penting, lan namung dadi sandhingan nalika lagi kumpul karo kanca utawa dulur.

##### 4) Angklo

Angklo ubarampe kang nglambangake wujud alam kang bisa menehi kauripan kanggo makhluk-mahluk kang urip ing sakupunge. Alam kang menehi asil bumi kang bisa dimanfaatkan karo manungsa utawa kewan kanggo nglakoni urip ing alam dunya.

##### 5) Dupa

Dupa minangka piranti kang penting ing sajrone tradhisi masyarakat kang dilakoni ing Tanah Jawa. Dupa kang digunakake ing sajorne tradhisi iki amarga anane pengaruh saka ajaran agama hindu lan islam kejawen kang wis ana lan ngrembaka ing masyarakat Jawa. Dupa yaiku piranti nalika dibakar bisa ngasilake keluk kang ambune wangi. Dupa kang dibakar nalika ngucapake mantra lan duno dipercaya donga kang diaturake marang Pengeran bakal luwih cepet dikabulake. Miturut kapercayaan masyarakat Jawa menyan lan dupa uga bisa ngundang roh-roh leluhur supaya dilancarake nalika nglakoni tradhisi saka wiwitan nganthi pungkasan.

#### 4.4 Nilai Budaya Kang Kinandut Sajrone Tradhisi Larung Sesaji

Tradhisi Larung Sesaji mujudake salah sawijine adat kang wis dadi pakulinan saben taun sepisan ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis. Tradhisi iki kalebu tradhisi kang ana ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis. Mula, adicara iki kalebu salah sijine adat kang ora bisa dipisahake urip bebrayan. Tradhisi Larung Sesaji iki nduweni piguna tartamtu kanggo masyarakat kang padha nyengkuyung.

Nilai budaya yaiku konsep-konsep ing pikirane masyarakat ngenani samubarang kang dianggep nduweni nilai kang luwih karo panguripane. Nilai budaya iki ora rinasa wis menehi pangaribawa tumrap solah bawane

manungsa. Sawa suwe nilai kasebut dadi panutan ing masyarakat bebrayan. Djamaris (1993:2) ngandharake nilai budaya bisa diperang dadi limang kategori, yaiku: 1) nilai budaya kang gayut manungsa karo Gustine, 2) nilai budaya kang gayut manungsa karo alam, 3) nilai budaya kang gayut manungsa karo manungsa liyane, 4) nilai budaya kang gayut manungsa karo bebrayan lan 5) nilai budaya kang gayut manungsa karo awak dhewe. Nilai-nilai budaya kasebut bakal dirembug ana ing ngisor iki.

##### 4.4.1 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Gustine

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang Gustine, yaiku gegayutan dhasar hakekat kekerabatan manungsa ing alam donya iki. sajrone TLS nilai-nilai kang ana gegayutane karo manungsa marang Gustine yaiku nilai religi lan nilai ketentremen. Kaloro nilai kasebut bakal dijlentrehake ing ngisor iki.

###### 1) Nilai religi

Nilai religi sajrone ajaran Jawa gegayutan marang piwulang-piwulang ngenani kautaman marang Gusti kang maha agung. Saben masyarakat nduweni cara kang maneka warna kanggo nyembah marang Gusti. Mligine ana ing masyarakat Jawa utawa ajaran kejawen bakal nuduhake salah sijine bab kang beda karo jaman saiki yaiku ngenani cara nyembah marang Gusti salah sijine nganggo olah batin. Kabeh mau ditindake masyarakat Jawa kanthi tujuan tansyah di wenehi keslametan lan nolak balak saka barang kang ala. Sajrone TLS uga kegambar nilai religi, nilai kasebut kagambar nalika adicara slametan.

###### 2) Nilai ketentremen

Nilai katentremen manungsa Jawa gegayutan karo kahanan kang tenang, aman, resik, lan ayem tentrem lahir lan batin. Supaya bisa mujudake nilai bebarengan, nilai katentremen tansah kudu lunaku karo nilai kakeluwargan, nilai tulung-tinulung, lan nilai gotong-royong. Miturut (Poerwadarminto, 1937:602) tentrem yaiku ora goreh, ora rusuh, lan bisa nggawe kaleremaning ati.

##### 4.4.2 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Alam

Nilai budaya kang nggayutake manungsa karo alam yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang alam minangka kesatuan kauripan manungsa ing ngendi dheweke ana. dumadi saka nyerah saka ketentuwan, nguwasai alam, nggoleki kecocokan, pengaturan lan pemanfaatan sumber daya alam kang dumunung ing adicara TLS.

Adicara TLS isih ana sesambungane karo kahanan alam utawa asil saka alam amarga urip ana ing ndonya mesthi kudu sesambungan karo alam supaya bisa urip. Mula sajrone tradhisi diwajibake nggawa asil saka tetandurane masyarakat kayata pala pendem, gedhang lan liya-liyane. Tradhisi larung sesaji iki minangka wujud ngucap rasa syukur dhumateng Gusti Kang Maha Kuwasa amarga wis diwenehi asil bumi saengga bisa nyukupi kauripane masyarakat arupa pala pendem lan tetanduran kang ana ing ndonya. Nilai kang ngayutake manungsa karo alam kasebut nuduhake manungsa kudu

njaga lan nglestarekake alam supaya ora mati lan bisa ngolah tanah supaya subur lan bisa ngasilake tetanduran kang apik lan bisa dadi kauripane manungsa.

#### **4.4.3 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Sapadha-padha**

Nilai budaya kang gayut manungsa karo sapadha-padha yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang urip ing bebrayan kudu tansyah njaga paseduluran antarane manungsa siji lan sijine supaya bisa nyiptakake masyarakat kang ayem tentrem. Sajrone urip ing bebrayan utawa sesambungan kaliyan manungsa liya kudu nduweni nilai karukunan, lan nilai paseduluran kayata andharan ing ndisor iki.

##### **1) Nilai Karukunan**

Nilai karukunan masyarakat Jawa kagambar ana ing panguripane manungsa saben dina, yaiku kanthi urip rukun ayem tentrem, lan ora ana masalah apa-apa sajrone urip ing bebraya, iku mingangka salah sawijining gegambaran nilai karukunan kang kagambar ana ing kauripane masyarakat Jawa. Miturut (Poerwadarminto, 1937:532) ngandharake yen rukun yaiku ora pasulayan utawa guyub. Ateges sajrone masyarakat kuwi kudu nduweni sifat guyub utawa rukun supaya ora ana padudon saka warga siji lan liyane

Nilai karukunan kasebut ana ing TLS. Nilai karukunan kasebut arupa karukunan nalika nindakake tradhisi kaebut. Antaraning wong siji lan sijine nduweni kasalarasan, kakompakan, lan keayeman. Tuladhane nalika nyiapake ubarampe lan acara mangan ambeng bareng sabubare slametan. Kahanan kasebut uga bisa nambah karukunan antaraning wong siji lan sijine.

##### **2) Nilai Paseduluran**

Warga yaiku sanak-sedulur, kang nunggal jinis (golongan), lan wong sing dadi gegelitaning pakumpulan (Poerwadarminto, 1937:656). Nilai paseduluran manungsa Jawa gegayutan karo kasatuan, panglompokan, lan paseduluran antaraning manungsa lan alam donya. Manungsa Jawa percaya ing sakabehing unsur alam donya lan manungsa sejatine siji kaluwarga gedhe. Masyarakat Dhusun Pecarikan Desa Jetis nilai paseduluran iki penting amarga bisa kanggo silaturahmi antara manungsa siji lan sijine.

Nilai paseduluran uga ana ing TLS. Nilai paseduluran dituduhake nalika kabeh masyarakat nyengkuyung tradhisi kasebut. Paseduluran uga digambarake ing tradhisi larung sesaji. Nalika mangan ambengan, kabeh masyarakat padha anggane oleh panganan. Ora ana kang dibedak-bedakake antara wong siji lan sijine, kabeh rata. Kabeh padha melu ngepung ambeng uga mangan bareng ing panggonan kasebut. Wiwit saka bocah cilik nganti wong kang wis sepuh.

#### **4.4.4 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Bebrayan**

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang bebrayan yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang urip ing bebrayan kudu tansyah njaga paseduluran antarane manungsa siji lan sijine supaya bisa nyiptakake masyarakat kang ayem tentrem. Sajrone urip ing bebrayan utawa sesambungan kaliyan manungsa liya

kudu nduweni nilai gotong-royong, lan nilai paseduluran kayata andharan ing ngisor iki.

##### **1) Nilai Gotong-royong**

Nilai gotong-royong ing bebrayan Jawa sesambungan karo paseduluran, kelompok, bebarengan antarane manungsa liya lan liyane. Nilai gotong-royong uga nduweni gegayutan kang timbal balik antaraning nilai paseduluran lan nilai kakeluwargan. Gotong-royong dumadi ing tradhisi tradhisi larung sesaji, kerja bakti, lan kerig desa. Ing budaya Jawa, gotong-royong bisa ndadekake masyarakat urip kanthi makmur, adhem ayem, lan slamet. Nilai gotong-royong uga ana ing TLS. Gotong-royong dituduhake nalika para masyarakat kerja bakti nyipake tradhisi kasebut kayata ubarampe lan piranti. Miturut (Poerwadarminto, 1937:160) ngandharake Gotong-royong yaiku tumnandang ing gawe kanthi bebarengan.

##### **2) Nilai Pepesthen**

Pepesthen yaiku lelakon kang wis ditemtokake ing kersaning Allah (Poerwangdarminto, 1937:488). Pepesthen wong Jawa ing kene gegayutan karo ketetapan, kejelasan, lan ketertentuan ing panguripane manungsa Jawa. Nilai pepesthen ora bisa diowahi lan disingkrihi dening sapa wae lan apa wae. Masyarakat Jawa tansah percaya, ngormati, nglakoni, lan njaga pranata mangsa supaya nilai pepesthen tetep kajaga lan kerumat. Nilai-nilai budaya kuwi tuwuh saka tumindake para manungsa kasebut. Masyarakat Dhusun Pecarikan Desa Jetis kang isih nindakake TLS saben taun. Bab kasebut nuduhake masyarakat isih tetep njaga nilai-nilai kang ana ing tradhisi kasebut.

##### **3) Nilai Keteraturan**

Teratur yaiku kahanan kang runtut lan urut (Poerwadarminto, 1937:262). Nilai pepesthen ora bakal ana yen ora didampingi karo nilai keteraturan manungsa Jawa uga suwalike nilai keteraturan ora bakal ana yen ora didampingi karo nilai pepesthen. Mula kalorone nduweni gegayutan kang tansah nyengkuyung antara siji lan sijine. TLS iki uga ana nilai keteraturan yaiku keteraturan nindakake tradhisi kanthi cara kang wis dadi paugeran saka leleuhur.

Adicara tradhisi larung sesaji nduweni nilai keteraturan kang kudu dilakoni masyarakat. Sajrone tradhisi ana tatarakite kang kudu dilakoni yaiku nalika netepake dina, sasi lan tatalaku nglaksanakake tradhisi kasebut. Tradhisi kasebut dilaksanakake ana ing dina rebo pon, sasi sura yaiku bab kang wis dilaksanakake turun temurun saka nenek moyang dina kang sakral mula saka kuwi bisa kalebu keteraturan utawa wis ditetepake wiwit jaman biyen.

##### **4) Nilai Pakurmatan**

Kurmat yaiku urmat, ngajeni, utawa tata-pranata kang becik (Poerwadarminto, 1937:239). Nilai pakurmatan manungsa Jawa gegayutan karo ketakziman, kekhidmatan, keharkatan, lan keberhargaan antaraning manungsa lan alam donya. Sakabehing manungsa Jawa diwajibake njaga, nglestarekake, lan ngugemi nilai pakurmatan utawa kahanan kurmat sajrone urip bebrayan.

Pakurmatan iku dumunung marang wong kang luwih tuwa, marang sesepuh, marang masyarakat liya, lan marang pawongan kang nduweni kalungguhan.

Masyarakat Dhusun Pecarikan Desa Jetis nduweni rasa khurmat marang pawongan kang nduweni kalungguhan ana ing desa utawa pawongan kang paling diajeni ana ing desa. sajrone Tradhisi Larung Sesaji iki nduweni nilai pakurmatan marang pawongan kang nduweni kalungguhan yaiku kayata para sesepuh desa kang nduweni kalungguhan miwita adicara, amarga sesepuh desa minangka punjering desa. Mula kaya mengkono sakabehing manungsa kudu tansyah nduweni rasa ngajeni, ngormati, sungkan lingsem, bisa rumangsa, ngerti papan, lan bisa njaga praja supaya kasalarasan ing urip bebrayan bisa tetep kajaga kanthi rasa kang ayem tentrem gemah ripah lohjinawe.

#### **4.4.5 Nilai Budaya kang Gayut Manungsa karo Awake Dhewe**

Nilai budaya kang nggayutake manungsa marang awake Dhewe yaiku nilai budaya kang ana gegayutane marang sejatining urip. Sadurunge manungsa mangerteni utawa nyacat wong liya kudu mangerteni awake dhewe “kaya apa ta awakku iki apa wis apik tinimbang wong liyane” mula saka kuwi manungsa kudu ngaca lan mangerteni awake dhewe supaya bisa urip ing bebrayan kanthi sesambungan kang apik. Nilai budaya kang ngayutake manungsa kaliyan awake dhewe yaiku kudu nduweni Nilai Kamanungsan kayata andharan ing ndisor iki.

##### **1) Nilai Kamanungsan**

Nilai kamanungsan nduweni gegayutan karo kesimpatian, keempatian, kemenarikan, pitutur, lan tumindak marang manungsa liya lan alam sakitare. Sajrone urip ing bebrayan manungsa Jawa kudu bisa jatmika, grapyak, semanak, blater, sumeh, merak ati, lan seneng aruh-aruh. Sipat-sipat kaya mangkono disenengi para manungsa.

Nilai kamanungsan kasebut uga ana ing TLS. Nilai kamanungsan ing tradhisi kasebut arupa rasa empati marang pawongan liyane ing masyarakat bebrayan utawa ing saben-saben masyarakat. Antaraning wong siji lan sijine uga nduweni rasa empati, yaiku bisa ngrasakake apa kang dirasakake wong liya. Rasa empati kasebut dituduhake nalika nyiapake ubarampe lan piranti sajrone TLS.

#### **4.5 Owah-owahan Budaya Sajrone Tradhisi Larung Sesaji**

Owah-owahan kang dumadi sajrone tradhisi dipangaribawani saperangan faktor. Faktor-faktor kasebut bisa diseja utawa ora diseja. Mula, tradhisi minangka salah sijine kabudayan kang nduweni sipat dinamis, saengga bisa owah anut lumakune jaman. Saliyane kuwi, masyarakat kang dadi subjek nggunakake kasebut duwe sipat kreatip supaya tansah njaga kalestarine tradhisi Larung Sesaji. Kajian owah-owahan kabudayan nggunakake teorine Koentjaraningrat, (2009:29) ngandharake owah-owahan budaya minangka proses pergeseran, pengurangan, penambahan, lan pangrembakane unsur-unsur sajrone kabudayan. Tradhisi Larung Sesaji ana ing Desa Jetis Kecamatan Jetis

Kabupaten Mojokerto saperangan wis ngalami owah-owahan saka asale. Ing ngisor iki, bakal diandharake ngenani bedane biyen lan saiki babagan uba rampe lan tata laku.

##### **4.5.1 Bedane Tradhisi Larung Sesaji Jaman Biyen lan Saiki**

Tradhisi Lrung Sesaji ing jaman biyen lan jaman saiki tamtune wis ana kang beda. Bab kasebut dipangaribawani dening lumakune jaman tansaya moderen. Supaya mangerteni kang njalari pamedane, mula bisa dideleng saka bab uba rampe, tata laku, lan peserta kang ana sajrone tradhisi Larung Sesaji. Andharane kaya ing ngisor iki.

##### **1) Uba Rampe**

Ubarampe sajrone tradhisi Larung Sesaji ing jaman biyen karo saiki ngalami owah-owahan amarga bebarengan karo lumakune jaman. Nanging, masyarakat nganakakake adicara kanthi temen-temen amarga masyarakat isih ngajeni tradhisine para leluhur. Tradhisi iki uga kalebu tradhisi kang nduweni sesambungan karo kapitayane masyarakat saengga masyarakat banget anggone nindakake tradhisi kasebut.

Ubarampe kang ana ing tradhisi Larung Sesaji saperangan uga ngalami owah-owahan. Kayata iwak pitik kang digawe ingkung. Ing jaman biyen iwak pitik kang digawe ingkung kuwi mesthi pitik Jawa utawa pitik jago. Pitik jago ing jaman biyen minangka samubarang kang angel golekan, mula dianggep sakral.

Tumpeng kang wajib ana sajrone tradhisi Larung Sesaji uga ngalami owah-owahan. Jaman biyen, tumpeng sing digawe kuwi diawadhahi tampah, banjur digawa ing papan panggonan adicara Larung Sesaji, nanging saiki wadhah bisa diganti nganggo godhong gedhang utawa godhong jati supaya luweh ringkes. Bab kasebut dijajari luwih kepenak nalika nggawa, tumpeng ora munjung-munjung nanging isa sakucepe. Saliyane kuwi, lawuh kang digawe sajrone tradhisi uga ngalami owah-owahan.

##### **4.5.2 Faktor-faktor kang njalari Owah Gingsire TLS**

Owah-owahan sajrone TLS iki disebabake dening faktor-faktor, kaya dene faktor internal lan faktor eksternal, saka kaloro faktor kasebut bakal dijlentrehake kanthi jangkep ana ing ngisor iki.

##### **4.5.2.1 Faktor Internal**

Faktor internal yaiku faktor saka njero tegese faktor kang dumadi saka masyarakat dhewe. Faktor internal iki kang njalari ana owah-owahan tradhisi bisa awujud discovery lan invention. Discovery yaiku salah sawijining panemu kanthi cara sengaja dene invention yaiku sawijining panemu kanthi ngupaya lan sengaja (Sukarman, 2006:38). Saliyane kuwi Koentjaraningrat (1990:257) ngandharake discovery yaiku bisa dadi invention yen masyarakat wis ngakoni, nampa, lan ngecakake panemu kang anyar kasebut.

Panemu anyar liyane saka masyarakat kasebut yaiku jajan pasar kang digawa dening para warga diwadhai kerdhus. Saben omah kudu nggawa jajan pasar kang diwadhai kerdhus, nanging saliyané jajan pasar uga ana sega lan lawuh gumantung saben pawongan. Jajan

kang diwadhahi kerdhus kasebut bakal dibuka nalika adicara kasebut wis pungkasan. Sadurunge dibukak jajan diwadhahi kerdhus kasebut disebar ana ing ngarepe masyarakat, nanging ora oleh dibukak sadurunge pungkasan adicara. Sadurunge dhahar-dhahar bareng para warga wiwit bocah cilik, enom lan tuwa.

Panemu anyar kang wis dirembug ana ing dhuwur kasebut ndadekake owah-owahaning ubarampe lan tatalaku sajrone TLS. Sairing lumakune wektu Jaman kang saya maju lan ngrembaka masyarakat wis nduweni pamikiran modern. Kabeh saiki wis dianggep gampang dening masyarakat Dhusun Pecarikan Desa Jetis. Sadyan ubarampe kang wis ana owah-owahan saka faktor internal nanging para warga isih padha nyengkuyung adicara kasebut.

#### **4.8.2.2 Faktor Eksternal**

Faktor eksternal utawa faktor saka njaba nduweni teges faktor kang dumadi saka sanjabane tradhisi lan masyarakat kang nindakake tradhisi. Njaba kasebut ing kene bisa arupa masyarakat lan panggonan liya. Faktor eksternal dumadi sak difusi, akulturasi lan asimilasi. Sajrone TLS ing kabupaten Mojokerto mujudake proses difusi lan akulturasi.

Owah gingsire kabudayaan karena anane faktor external yaiku kaperan dadi telu 1) pengaruh saka kemajuan teknologi, 2) pengaruh saka kabudayaan-kabudayaan dhaerah manca utawa asing, lan 3) pengaruh saka agama kang bisa ngrubah keaslian saka tradhisi kasebut. Sajrone pengaruh-pengaruh sing di jlentrehake ana ing ndhuwur nduweni kaluwihan lan kekurangan kayata andharake ing ngisor iki:

##### **1) Pengaruh teknologi**

Teknologi minangka babagan kang lumran ana ing jaman saiki, manungsa lan teknologi ora bisa pisah (saling sambung sinambung). Karena teknologi masyarakat bisa urip kanthi ayem lan kabeh urusane dadi luwih gampang nanging sajrone tradhisi, teknologi bisa nduweni makna kang beda ana kaluwihan lan kakruangane.

Teknologi kauripane masyarakat bisa owah, karena teknologi masyarakat bisa urip penak lan susah kayata sajrone TLS iki uga ana pengaruh saka teknologi kang njalari owahe masyarakat Jawa. Kaluwihan saka teknologi sajrone tradhisi iki yaiku bisa ndadekake masyarakat Jawa mligini Dhusun Pecarikan Desa Jetis anggone golek ubarampe luwih gampang kabeh bisa diatur saka HP lan internet, saliyané iku uga akeh alat kanggo mbiyantu tradhisi iki bisa klakon kanthi lancar kayata sound system, microphone, lan liya-liyane. Nanging sajrone teknologi uga ana kakurangan yaiku nalika nindakake adicara TLS masyarakat akeh kang luwih mentingna teknologi tinimbang tradhisi mligini bocah nom-noman, lan akeh ubarampe uga tatalaku kang beda utawa owah karena teknologi.

##### **2) Pengaruh kabudayaan manca**

Kabudayaan-kabudayaan sing ana ing ndonya iki maneka warna ora mung ana ing salah sawijining dhaerah nanging kabeh dhaerah nduweni tradhisi kang nuduhake yen iku titikan saka dhaerah kasebut. Mula saka kuwi

masyarakat kudu mangerteni kabudayaan-kabudayaan liya sing ana ing njaba, nanging kabeh mau wis bisa dingerteni karena teknologi lan internet masyarakat bisa mangerteni sing jenenge kabudayaan asing utawa manca lan kabudayaan liya.

Kabudayaan manca uga bisa dadi pengaruh kanggo lumakune tradhisi kayata bocah-bocah nom-noman luwih seneng lan giat anggone nglaksanakake tradhisi manca ngembangne ana sawijining dhaerah nanging lali karo kabudayaan lokal, kabudayaan sing wis dilakoni kanthi turun temurun saka nenek moyang nganti jaman saiki. Nanging kaluwihane saka kabudayaan manca yaiku masyarakat bisa mangerteni kabudayaan asing lan akeh bocah nom-noman sing mangerteni nanging isih nglaksanakake tradhisi nenek moyang. Mula saka kuwi kita kudu dadi manungsa sing pinter bisa mangerteni kabudayaan liya lan aja nganthi ningalake kabudayaan dhaerah amarga dadi titikan bangsa lan negara.

##### **3) Pengaruh agama**

Pangrembakane agama Islam mlebu ana ing sajrone tradhisi supaya bisa ditampa lan ditrima masyarakat kanthi apik nanging sajrone ngembangne islam kudu sitik mbaka sitik. Kabeh mau tujuane kanggo ngubah pamikiran masyarakat sing biyen isih nyembang marang pundhen lan wit-witan kang dikramatke dadi wujud pakurmatan marang pundhen lan dayang desa.

Babagan liyane ngenani adicara TLS uga mujudake faktor eksternal yaiku difusi lan akulturasi, saka difusi kasebut panyebaran unsur-unsur kabudayaan saka panggonan siji menyang panggonan liyane. Ateges ana saperangan masyarakat pindhah saka dhaerah liyane. banjur ngenani akulturasi, budaya kang wis ana campuran saka budaya liyane kaya dene desa liya karo Dhusun Pecarikan Desa Jetis wis beda. Mula ana pengaruh dening pawongan sing pindhah saka panggonan siji menyang panggonan liyane saengga ndadekake ana perubahan tradhisi.

#### **4.5.3 Unsur Anyar kang Mlebu TLS**

Era moderen ndadekake masyarakat tan saya maju anggone urip ing bebrayan lan nggampangake anggone sesambungan kaliyan wong sing ora dikenal lewat internet nanging karena teknologi iki masyarakat luwih seneng barang kang instan ora gelem rekasa kayata anggone ngawe jajan nalika adicara TLS masyarakat luwih seneng tuku neng pasar tinimbang ngawe dhewe amarga luwih praktis lan gampang anggone golek.

Wujud kabudayaan anyar kang mangaribawa adicara TLS. Tuladhane wujud kabudayaan anyar kang ngowahi adicara TLS yaiku kayata mlebu teknologi moderen salah sawijining anane piranti-piranti kanggo swara supaya warga bisa ngrungokake kabeh yaiku sound system, microphone, lan liya-liyane supaya bisa narik kawigatene warga kang durung weruh utawa warga kang ana ing sajabané Dhusun Pecarikan Desa Jetis.

#### **4.5.4 Unsur kang Mlebu lan nduweni Pangaribawa**

Sairing lumakune jaman kang saya maju lan ngrembaka, sajrone TLS ngalami owah gingsire tradhisi. Ing adicara kasebut akeh banget unsur kang wis ora padha nalika jaman biyen. Yen dideleng nalika proses

adicara ana saperangan rantaman kang ngalami owah-owahan. Kaya andharan ing ngisor iki.

## **PANUTUP**

Bageyan panutup iki bakal ngandharake ngenani ngenani dudutan lan pamrayoga. Bab dudutan ngenani asiling panliten kang mujudake sawijine bab kang wigati lan cundhuk karo tujuwan nganakake panliten. Andharan luwih jangkup ana ing ngisor iki.

### **5.1 Dudutan**

TLS minangka salah sawijine tradhisi Jawa kang tuwuh lan ngrembaka ing Dhusun Pecarikan Desa Jetis Kecamatan Jetis Kabupaten Mojokerto. Tradhisi Larung Sesaji yaiku tradhisi kang dilaksanakake kanggo ngucapake rasa syukur marang Gusti Maha Kuwasa lan kanthi tujuwan supaya manungsa bisa nyatu karo alam.

TLS isih nggunakake tata laku kang wis gumathok wiwit biyen, nanging ana owah-owahan amarga pangrembakane jaman. Tata laku ana kang dikurangi lan kadhang kala ditambahi miturut apa kang dadi kapercayane lan pasarujukane masyarakat. Tata laku kanggo nggelar sawijine adicara kudu nggatekake urutan-urutan yaiku persiapan lan pelaksanaane. Sajrone persiapan yaiku wawan rembug, gotong royong, nyiapake ubarampe, lan tradhisi larung sesaji. Ing pelaksanaane uga nyiapake papan panggonan, kerja bakti, nyiapake piranti, lan slametan. Tata laku kasebut wis dilakokake saben taun kanthi turun temurun.

Kabutuhane adicara awujud sesaji utawa ubarampe yaiku 1) tumpeng, 2) bubur panca warna, 3) karak, 4) lawuh, 5) jajan pasar, 6) pala pendhem, 8) kembang setaman lan 9) dupa. Ubarampe kasebut nduweni simbol, makna, nilai lan piguna dhewe-dhewe. Adicara TLS uga ngalami owaha-owahan sajrone ubarampe lan tata laku sairing lumakune jaman. Jaman kang saya modern akeh masyarakat kang milih ubarampe kanthi cara praktis utawa gampang. Nanging masyarakat tetep ngugemi lan nindakake tradhisi kasebut nganti saiki, senadyan tata laku lan ubarampe sajrone TLS akeh owah-owahane nanging kudu tetep diuri-uri.

### **5.2 Pamrayoga**

Panliten ngenani Tradhisi Larung Sesaji mujudake panliten kang mbutuhake pamrayoga kanggo panliten sabanjure. Tradhisi kang dilakokake setaun pisan iki mangaribawani kanggo masyarakat bebrayan. Babagan kasebut bisa tumuju ing pangaribawa becik lan ala sajrone negesake tradhisi. Sakabehe gumantung saka masyarakat lan pamikiran saben pawongan. Tradhisi kasebut minangka wujud rasa syukur dhumateng Gusti Pengeran uga dedonga lan ngormati para leluhur ing jaman biyen. Pakulinan kang ditindakake wiwit biyen nganti saiki nuduhake yen masyarakat tansah ngugemi lan ngkestarikake budaya kanthi tumemen.

TLS kudu tetep diuri-uri supaya bisa lestari nganti anak putu sabanjure. Wis dadi jejibahan masyarakat sakiwa tengene kanggo nyengkuyung kanthi ora ngilangake salah sawijining babagan sajrone tradhisi. Panliti nduweni pangarep-arep kanti anane panliten tradhisi iki supaya bisa migunani tumrap panliten sabanjure, amarga akehe maneka warna budaya ing sajrone masyarakat menehi kawigaten kanggo diteliti

luwih jero. Sairing majune jaman lan saya ngrembaka dikarepake supaya budaya lokal kang dadi idhentitas dhaerah ora bisa kagiles jaman. Kabudayaan minangka idhentitas kang perlu dijaga lan dilestariakke sarta minangka babagan kang wigati sajrone panguripan.

## **KAPUSTAKAN**

- Afifuddin. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: Pustaka Setia.
- Arikunto, Suharsimi. 2016. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia*. Jakarta :Pustaka Utama Gafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- Endraswara, Suwardi. 2015. *Etnologi Jawa*. Yogyakarta: CAPS (Center for Academic Publising Service)
- Geertz, Clifford. 1995. *Kebudayaan Dan Agama*. Yogyakarta: Kanisius.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara Yang Terlupakan: Pengantar Studi Sastra Lisan*. Surabaya : Indonesia.
- Kuntowijoyo. 1987. *Masyarakat dan Budaya*. Yogyakarta: Tiara Wicana.
- Koentjaraningrat. 1985. *Kebudayaan, Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- Koentjaraningrat. 1987. *Pengantar Hukum Tradhisi Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: Gramedia.
- Koentjaraningrat. 1987. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka
- \_\_\_\_\_. 1990. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- \_\_\_\_\_. 2004. *Kebudayaan Mentalis dan Pembangunan*. Jakarta: PT Gramedia
- Koplan, David & Maners, Albert. A. 2002. *Teori Budaya*. Terjemahan Landung Simatupang. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Moleong, Lexy J. 2009. *Metodologi Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT. Remaja Rosdakarya.
- Poerwadarminto. 1984. *Kamus Umum Bahasa Indonesia*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: UNESA Unipress dan Citra Wacana.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Sugiyono. 2012. *Metode Penelitian Kualitatif Dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- Suwarni dan Widayati, Sri Wahyu. 2011. *Dasar-dasar Upacara Tradhisi Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang.
- Soekanto, Soerjono. 2002. *Sosiologi Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.